



Kondisyon pou jwenn Diplòm/Atestasyon Eta New York Revize Jen 2022

Tablo ki vin apre a montre kondisyon ki an vigè aktyèlman, pou yon moun jwenn diplòm ak atestasyon. Tablo a bay yon apèsi sou kondisyon yo epi li idantifye popilasyon elèv ki gen aksè pou jwenn chak tip diplòm ak atestasyon fen etid segondè san diplòm. Yo bay kèk paj entènèt pou pèmèt nou jwenn plis enfòmasyon detaye sou kondisyon pou chak diplòm oswa atestasyon.

Pou jwenn tèks konplè sou Kondisyon pou jwenn Diplòm Etid Segondè Eta New York la, tanpri ale nan Commissioner's Regulations 8 CRR-NY 100.5 la, [Kondisyon pou jwenn Diplòm](#) ak paj entènèt NYSED la [Fòmasyon Jeneral ak Kondisyon pou Jwenn Diplòm](#). Ale sou paj entènèt [Konprann Kondisyon pou jwenn Diplòm NYS ~ Resous Familyal](#) la pou ou gen aksè avèk twa (3) feyè epi yon zouti pou suivi ki tradui nan onz (11) lang diferan.

Apati sezon otòn 2022, yon kantite lekòl yo chwazi pral eseye Pakou Endividyèl Evalyasyon Travay Atis la. Pou plis enfòmasyon, ou kapab ale sou paj entènèt [Pakou Endividyèl Evalyasyon Travay Atis](#) la.

Pou plis kesyon konsènan kondisyon pou jwenn diplòm oswa atestasyon yo, ou kapab kontakte Biwo Pwogram Etid ak Enstriksyon an nan emscgradreq@nysed.gov oswa rele nan (518) 474-5922.

Diplòm Etid Segondè nan Eta New York

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Diplòm Regents	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regents obligatwaⁱⁱ (youn nan chak disiplin: Anglè, MMatematik, SSyans, EEtid sosyal); • konplete avèk siksè 1 Pakouⁱⁱⁱ; epi <ul style="list-style-type: none"> • chak Egzamen Regents avèk yon nòt 65 oswa plis^{iv} <p>Referans: Tip Diplòm</p>
Diplòm Regents (pa mwayen apèl tradisyonèl)	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal); • konplete avèk siksè 1 Pakou^{iii-v}; <ul style="list-style-type: none"> • 1 (youn) nan Egzamen Regents ki site pi wo a (san wete pakou a, si se yon Egzamen Regents) avèk yon nòt 60-64 kote distri lokal la te aksepte bay yon apèl^{vi} pou li sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la; epi • Egzamen Regents obligatwa ki rete yo avèk yon nòt 65 oswa plis^{iv} <p>Referans: Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Diplòm Regents avèk Tablo donè	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan¹, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal); ● konplete avèk siksè 1 Pakouⁱⁱⁱ; epi <ul style="list-style-type: none"> ● youn mwayèn nòt kalkile ki se 90 oswa plis pou tout Egzamen Regents ki obligatwa yo (san wete pakou a, si se youn Egzamen Regents) <p>Nòt: Yo pa kapab ranplase plis pase 2 altènatif Depatman an apwouve epi yo p ap konte yo nan mwayèn ki kalkile a. Egzamen Checkpoint B nan lang nan lemonn nan, yo devlope lokalman yo pa antre nan mwayèn ki kalkile a. Nan ka kote elèv yo resevwa egzansyon pou Egzamen Regents yo, kalkil pou yo jwenn masyon tablo donè a ap gen rapò avèk kantite nòt pou Egzamen Regents elèv la te genyen.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Elèv ki gen youn minimòm twa (3) nòt pou Egzamen Regents aplikab pou jwenn diplòm <ul style="list-style-type: none"> ○ Nan ka kote elèv yo gen omwen twa (3) nòt pou Egzamen Regents pou yo antre nan evalyasyon ki obligatwa pou tip diplòm nan, yo dwe retire Egzanpsyon yo te jwenn akòz COVID-19 la nan kalkil la. Si mwayèn nòt yo kalkile pou Egzamen Regents ki obligatwa pou jwenn diplòm nan (ki pa gen egzansyon yo ladan) egal 90 oswa li pi wo, elèv la jwenn masyon pou onè a. ● Elèv ki gen pi piti pase twa (3) nòt pou Egzamen Regents aplikab pou jwenn diplòm <ul style="list-style-type: none"> ○ Yo ap ranplase nòt final kou elèv la pou chak Egzamen Regents li te jwenn egzansyon yo nan kalkil pou masyon tablo donè a. Si mwayèn nòt yo kalkile pou Egzamen Regents yo ak nòt final pou kou li te jwenn egzansyon pou yo a egal 90 oswa li pi wo, elèv la jwenn masyon pou tablo donè a. <p>Referans: Diplòm Regents avèk Tablo donè</p>
Diplòm Regents avèk Tit Avanse	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan¹, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● 7 Egzamen Regentsⁱⁱ ki distribye fason ki vin apre a: 3 Matematik, 2 Syans (youn fizik, youn lavi), 1 Anglè, 1 Etid sosyal; ● konplete avèk siksè 1 Pakouⁱⁱⁱ; epi <ul style="list-style-type: none"> ● chak Egzamen Regents avèk youn nòt 65 oswa plis^{iv} <p>Sekans^{vii}: konplete avèk siksè youn nan twa (3) opsyon sekans yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● gen 2 inite kredi anplis nan lang nan lemonn nan epi reyisi youn egzamen Checkpoint B nan Lang nan lemonn nan, yo devlope lokalman; oswa ● konplete youn sekans 5 inite nan Travay Atis; oswa ● konplete youn sekans 5 inite nan CTE. <p>Referans: Tip Diplòm</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Regents avèk Tit Avanse avèk yon nòt ki montre Metriz nan Matematik	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan¹, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon ak Sekans^{vii}: Ranpli tout evalyasyon ak sekans ki obligatwa pou diplòm Regents avèk tit avanse a (gade pi wo a) epi fè yon nòt 85 oswa plis nan chak 3 Egzamen Regents nan Matematik yo.</p> <p>Nòt: Elèv yo bay egzansyon^{ix} pou yon Egzamen Regents nan Matematik (akoz anilasyon pou COVID-19 la), kapab jwenn mansyon metriz la nan Matematik lè yo ranpli youn nan kondisyon ki vin apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • reyisi 2 Egzamen Regents nan Matematik avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi te jwenn yon egzansyon pou yon twazyèm Egzamen Regents nan Matematik; oswa • reyisi 1 Egzamen Regents nan Matematik avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi gen yon nòt final ki se 85 oswa ki pi wo nan 2 kou Matematik anplis ki al antre nan yon Egzamen Regents yo te aksepte bay yon egzansyon pou li. <p>Referans: Apwobasyon ak So</p>
Regents avèk Tit Avanse avèk yon nòt ki montre Metriz nan Syans	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan¹, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon ak Sekans^{vii}: Ranpli tout evalyasyon ak sekans ki obligatwa pou diplòm Regents avèk tit avanse a (gade pi wo a) epi fè yon nòt 85 oswa plis nan chak 3 Egzamen Regents nan Syans yo.</p> <p>Nòt: Elèv yo bay egzansyon^{ix} pou yon Egzamen Regents nan Syans (akoz anilasyon pou COVID-19 la), kapab jwenn mansyon metriz la nan Syans lè yo ranpli youn nan kondisyon ki vin apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • reyisi 2 Egzamen Regents nan Syans avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi te jwenn yon egzansyon pou yon twazyèm Egzamen Regents nan Syans; oswa • reyisi 1 Egzamen Regents nan Syans avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi gen yon nòt final ki se 85 oswa ki pi wo nan 2 kou Syans anplis ki al antre nan yon Egzamen Regents yo te aksepte bay yon egzansyon pou li. <p>Referans: Apwobasyon ak So</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Regents avèk Tit Avanse avèk Tablo donè	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon ak Sekansⁱⁱⁱ: Ranpli tout evalyasyon ak sekans ki obligatwa pou diplòm Regents avèk tit avanse a (gade pi wo a) avèk yon mwayèn nòt yo kalkilte ki se 90 oswa plis nan tout Egzamen Regents ki obligatwa pou jwenn diplòm nan</p> <p>Nòt: Yo pa kapab ranplase plis pase 2 altènatif Depatman an apwouve epi yo p ap konte yo nan mwayèn ki kalkile a. Egzamen Checkpoint B nan lang nan lemonn nan, yo devlope lokalman yo pa antre nan mwayèn ki kalkile a. Nan ka kote elèv yo resevwa egzanspyon pou Egzamen Regents yo, kalkil pou yo jwenn masyon tablo donè a ap gen rapò avèk kantite nòt pou Egzamen Regents elèv la te genyen.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv ki gen yon minimòm twa (3) nòt pou Egzamen Regents aplikab pou jwenn diplòm <ul style="list-style-type: none"> ○ Nan ka kote elèv yo gen omwen twa (3) nòt pou Egzamen Regents pou yo antre nan evalyasyon ki obligatwa pou tip diplòm nan, yo dwe retire Egzanpsyon yo te jwenn akòz COVID-19 la nan kalkil la. Si mwayèn nòt yo kalkile pou Egzamen Regents ki obligatwa pou jwenn diplòm nan (ki pa gen egzanspyon yo ladan) egal 90 oswa li pi wo, elèv la jwenn masyon pou tablo donè a. • Elèv ki gen pi piti pase twa (3) nòt pou Egzamen Regents aplikab pou jwenn diplòm <ul style="list-style-type: none"> ○ Yo ap ranplase nòt final kou elèv la pou chak Egzamen Regents li te jwenn egzanspyon yo nan kalkil pou masyon tablo donè a. Si mwayèn nòt yo kalkile pou Egzamen Regents yo ak nòt final pou kou li te jwenn egzanspyon pou yo a egal 90 oswa li pi wo, elèv la jwenn masyon pou tablo donè a. <p>Referans: Diplòm Regents avèk Tit Avanse avèk Tablo donè</p>
Diplòm Lokal (pa mwayen Apèl Tradisyonèl)	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal); • Konplete avèk siksè 1 Pakou^{iii,v}; epi <ul style="list-style-type: none"> • 2 nan Egzamen Regents ki site pi wo a (san wete Pakou a, si se yon Egzamen Regents) avèk yon nòt 60-64 kote distri lokal la te aksepte bay yon apèl^{vi} pou li sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la; epi • Egzamen Regents obligatwa ki rete yo avèk yon nòt 65 oswa plis^{iv}. <p>Referans: Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Diplòm Lokal	Moun ki ap Aprann Anglè Sèlman	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal) • Konplete avèk siksè 1 Pakou^{iii,v}; epi <ul style="list-style-type: none"> • Egzamen Regents ELA a avèk youn nòt 55-59 kote distri lokal la te aksepte bay youn apèl pou li sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la; • jiska 1 (youn) nan Egzamen Regents obligatwa ki site pi wo a avèk youn nòt 60-64 kote distri lokal la te aksepte bay youn apèl^{vi} pou li sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la; • Egzamen Regents obligatwa ki rete yo avèk youn nòt 65 oswa plis^{iv} <p>Nòt: Moun ki ap Aprann Anglè (ELL) ki ap chèche youn apèl pou youn nòt 55-59 nan Egzamen Regents ELA a ap elijib pou youn apèl nan matyè sa a sèlman si yo te antre Ozetazini nan klas 9yèm ane oswa apre, epi yo te klase yo kòm youn ELL lè yo te fè tès la dezyèm fwa a.</p> <p>Referans: Apèl, Filè Sekirite ak Detèminasyon Direktè a</p>
Diplòm Lokal	Elèv ki gen Andikap ki nan youn pwogram edikasyon pèsonalize (IEP) oswa ki antre nan Plan Amenajman Seksyon 504 etidyan an	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nanⁱ, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <p>a) Opsyon Filè Sekirite pou Reyisit ki Fèb:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal); • Konplete avèk siksè 1 Pakouⁱⁱⁱ; epi <ul style="list-style-type: none"> ○ chak Egzamen Regents avèk youn nòt 55 oswa plis^{iv} <p>b) Filè Sekirite pou Reyisit ki Fèb ak Apèl:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 Egzamen Regentsⁱⁱ obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal); • Konplete avèk siksè 1 Pakou^{iii,v}; epi <ul style="list-style-type: none"> ○ jiska 2 Egzamen Regents avèk youn nòt 52-54 kote distri lokal la te aksepte bay youn apèl^{vi} pou yo sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la ○ chak Egzamen Regents ki rete avèk youn nòt 55 oswa plis^{iv} <p>c) Opsyon Filè Sekirite kòm Konpansasyon: nòt ant 45-54 nan youn oswa plizyè Egzamen Regents obligatwa nan Syans, Etid sosyal, oswa Matematik (kòm youn pakou), men konpanse nòt ki fèb la avèk youn nòt 65 oswa ki pi wo nan youn lòt Egzamen Regents ki obligatwa. Nòt: elèv la dwe fè omwen youn nòt 55 (oswa youn apèl apwouve pou 52-54) ni nan egzamen ELA a ni nan egzamen 1 Matematik la. Yo pa kapab itilize youn nòt 65 oswa ki pi wo nan yonsèl egzamen kòm konpansasyon pou plis pase youn egzamen kote youn elèv te fè youn nòt 45-54.</p> <p>Referans: Apèl, Filè Sekirite ak Detèminasyon Direktè a ak Enfòmasyon ki Gen Rapò ak Kondisyon Gradyasyon pou Elèv ki gen Andikap yo</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Diplòm Lokal (pa mwayen Detèminasyon Direktè a)	<p>Elèv ki gen andikap yo avèk yon IEP</p> <p>Elèv ki nan yon Plan Amenajman Seksyon 504 PA ANTRE LADAN LI</p>	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemond nan¹, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ○ Yo fè detèminasyon direktè a sou baz demann yon paran fè alekri, epi sou baz yon verifikasyon yo fè nan dokiman an, tankou konpetans pou jwenn diplòm nan matyè elèv la pa t kapab demontre li metrize estanda aprantisaj Eta a pandan li t ap fè evalyasyon ki obligatwa pou pran diplòm li. <p>Pou kalifye pou detèminasyon direktè a:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Elèv la dwe nan yon pwogram edikasyon pèsonalize aktyèlman (IEP) epi li dwe ap resevwa pwogram edikasyon espesyal ak/oswa sèvis ki lye ak yo. 2. Elèv la pa t ranpli kondisyon pou gradyasyon yo pa mwayen opsyon filè sekirite pou reysit ki fèb la (55-64) oswa opsyon konpansasyon an. 3. Elèv la dwe gen kredi pou kou ki obligatwa yo epi, ann amoni ak règleman distri a, li dwe reyisi tout kou ki obligatwa pou li kapab gradye yo, san wete kou Regents yo pou li prepare pou domèn ki koresponn ak Egzamen Regents yo (Literati Lang Anglè a (ELA), Matematik, Etid sosyal ak Syans). 4. Elèv la dwe fè ni Egzamen Regents ELA yo, ni Egzamen Regents Matematik yo epi li dwe resevwa yon nòt minimòm 55 pou yo, oswa li dwe reyisi yon apèl pou yon nòt ki ant 52 ak 54, eksepte nan dat 12 Desanm 2017 oswa apre dat sa a, yo kapab konsidere yon elèv ki pa t kapab rive fè yon nòt minimòm 55 oswa ki pa t fè yon apèl pou yon nòt ki ant 52 ak 54 nan Egzamen Regents Anglè yo ak/oswa Egzamen Regents Matematik yo, kòm yon elèv ki kalifye pou opsyon Detèminasyon Direktè a, akondisyon elèv la te ranpli kondisyon ki obligatwa pou li jwenn Atestasyon Fen Etid pou Devlopman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (CDOS) New York State la (NYS). 5. Dwe gen prèv ki montre elèv la te patisipe nan tout Egzamen Regents ki obligatwa pou gradyasyon an, men li pa t reyisi nan youn oswa plizyè egzamen sa yo. 6. Nan yon matyè kote elèv la pa t kapab demontre li metrize prensip aprantisaj Eta a pa mwayen Egzamen Regents ki obligatwa pou li jwenn diplòm nan (san wete egzamen ELA epi/oswa Matematik yo, si yo ap itilize Atestasyon Fen Etid CDOS la pou ranpli kondisyon kalifikasyon yo nan #4), dwe gen prèv ki montre, nan kèk fason, elèv la te demontre li gen konpetans nan matyè ki nan nivo diplòm yo. <p>Referans: Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a ak Enfòmasyon ki Gen Rapò ak Kondisyon Gradyasyon pou Elèv ki gen Andikap yo</p>

Tip Diplòm	Disponib pou	Kondisyon yo
Diplòm Lokal (pa mwayen Detèminasyon Espesyal)	Tout popilasyon elèv (aplikab sèlman pou moun ki gradye an Jen 2022)	<p>Kredi: 22 inite kredi ki distribibe fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, ½ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan, 2 Edikasyon fizik, epi 3 ½ fakiltatif</p> <p>Evalyasyon: Pou yon elèv kalifye pou Detèminasyon Espesyal la, li dwe, nan kèk fason, ranpli tout kondisyon pou gradyasyon Jen 2022 a epi li dwe ranpli youn nan kritè ki vin apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv la te enskri nan yon kou etid oswa yon pwogram ratrapaj pandan ane eskolè 2021-2022 a ki te mennen nan yon Egzamen Regents nan mwa Jen 2022 a, li te genyen kredi nan klas sa a anvan dat ki te pwograme pou Egzamen Regents an, li te patisipe nan egzamen sa a men li pa t rive fè yon nòt pou li reyisi oswa pou li kalifye pou yon Apèl Espesyal; oswa • Elèv la te enskri nan yon kou etid oswa yon pwogram ratrapaj pandan ane eskolè 2021-2022 a ki te dwe pèmèt elèv la patisipe nan yon Egzamen Regents nan mwa Jen 2022 a epi elèv la te rive jwenn kredi nan kou sa a anvan dat ki te pwograme pou egzamen sa a, men li pa t kapab patisipe nan egzamen sa a akòz li te malad, san wete restriksyon pou izòlman akòz COVID la. Medsen elèv la dwe bay yon dokiman pou maladi sa a oswa, nan ka COVID, sa dwe fèt ann amoni ak direktiv Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) ak oswa direktiv lokal yo bay sou kesyon karantèn. Yon elèv ki absan akòz COVID dwe suiv pwosedi lekòl yo devlope lokalman yo oswa pwosedi distri a pou li siyale absans sa a. <p>Referans: Detèminasyon Espesyal pou Gradye avèk yon Diplòm Lokal nan mwa Jen 2022</p>
Diplòm Lokal, Diplòm Regents, Diplòm Regents avèk Tit Avanse (avèk oswa san masyon Tablo donè), avèk yon Apwobasyon pou Ansèyman Pwofesyonèl ak Teknik	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: Konplete tout egzijans nan kesyon kredi ki ekri pi wo a, pou tout tip diplòm byen presi yo epi konplete avèk siksè yon pwogram ansèyman pwofesyonèl ak teknik ki apwouve.</p> <p>Evalyasyon: Fè yon nòt pou reyisi nan evalyasyon Eta a fè ki ekri pi wo a, pou tip diplòm byen presi yo epi reyisi pase evalyasyon teknik an 3 pati ki fèt patikilyèman pou pwogram ansèyman pwofesyonèl ak teknik elèv la te fè.</p> <p>Referans: Apwobasyon ak So</p>
Diplòm Regents, Diplòm Regents avèk Tit Avanse (avèk oswa san masyon Tablo donè), avèk yon So Bileng (Seal of Biliteracy)	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: Konplete tout egzijans nan kesyon kredi ki ekri pi wo a, pou tout tip diplòm byen presi (Regents oswa Regents avèk tit avanse), epi respekte kritè pou jwenn So Bileng Eta New York la.</p> <p>Evalyasyon: Respekte kritè pou Jwenn So Bileng (Seal of Biliteracy) Eta New York.</p> <p>Referans: So Bileng (Seal of Biliteracy) Eta New York la (NYSSB)</p>
Diplòm Lokal, Diplòm Regents, Diplòm Regents avèk Tit Avanse (avèk oswa san masyon Tablo donè) avèk yon So pou Preparasyon Sivik	Tout popilasyon elèv	<p>Kredi: Konplete tout kondisyon nan kesyon kredi ki ekri pi wo a, pou tout tip diplòm byen presi (Regents oswa Regents avèk tit avanse), epi respekte kritè pou jwenn So pou Preparasyon Sivik Eta New York la.</p> <p>Evalyasyon: Respekte kritè pou jwenn So pou Preparasyon Sivik Eta New York la.</p> <p>Referans: So pou Preparasyon Sivik Eta New York</p>

Atestasyon pou Fen Etid Segondè San Diplòm

Tip Atestasyon	Disponib pou	Kondisyon yo
Atestasyon Fen Etid pou Devlopman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (CDOS)	Tout elèv yo eksepte elèv yo te evalye sou baz Evalyasyon Altènatif NYS la (NYSSA)	<ul style="list-style-type: none"> Konplete yon plan karyè; demontre li atenn prensip aprantisaj pou nivo fen etid la pou Devlopman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (CDOS) nan domèn eksplorasyon ak devlopman karyè, aprantisaj entegre ak konpetans sou fondasyon inivèsèl; konplete yon fason ki bay satisfaksyon yon ekivalan pou 2 inite etid (216 èdtan) nan yon kou Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik epi nan aprantisaj nan domèn travay (san wete omwen 54 èdtan aprantisaj nan domèn travay); epi te gen omwen 1 pwofil sou aptitud nan kesyon travay ki konplete; oswa Elèv la respekte kritè pou atestasyon nasyonal pou preparayon travay. <p>Nòt: Atestasyon an kapab se yon sipleman pou yon diplòm Lokal oswa Regents, oswa, si elèv la pa kapab ranpli kondisyon pou diplòm yo, yo kapab bay atestasyon an antanke atestasyon fen etid elèv la akondisyon elèv la te ale lekòl pandan omwen 12 lane, san klas Matènèl yo pa ladan li.</p> <p>Referans: Atestasyon Fen Etid ak Commissioner's Regulations 8 CRR-NY 100.6, Atestasyon pou Fen Etid Segondè</p>
Atestasyon Fen Etid pou Konpetans ak Reyalizasyon	Elèv ki gen andikap ki grav yo te evalye sou baz Evalyasyon Altènatif NYS la (NYSAA)	<p>Tout elèv ki gen andikap ki grav ki te ale lekòl pandan omwen 12 lane, eksepte pou klas Matènèl, dwe kite lekòl avèk atestasyon sa a ki dwe mache ak yon dokiman sou konpetans ak pwèn fò elèv la epi sou nivo endepandans li nan domèn devlopman akademik, pwofesyonèl ak konpetans debaz li bezwen pou li viv, aprann epi travay apre lekòl.</p> <p>Referans: Atestasyon Fen Etid, Konseye nan Domèn Edikasyon Espesyal: Atestasyon Fen Etid pou Konpetans ak Reyalizasyon pou Elèv ki gen Andikap ki Grav yo, ak Commissioner's Regulations 8 CRR-NY 100.6, Atestasyon pou fen etid segondè</p>

Nòt Final

- i. Elèv ki gen andikap yo kapab jwenn egzansyon pou kredi obligatwa nan lang nan lemonn nan si sa ekri nan IEP yo a, men, yo dwe toujou gen 22 inite kredi pou yo gradye.
- ii. Nan tout ka yo, elèv yo kapab ranplase yon evalyasyon ki parèt nan lis Egzamen Altènatif Depatman an Apwouve yo epi ki Akseptab pou Respekte Kondisyon pou jwenn yon Diplòm Lokal oswa Regents.
- iii. **Nonsèlman** tout elèv yo dwe reyisi kat (4) egzamen Regents ki obligatwa yo oswa korespondan yo nan [egzamen altènatif Depatman an apwouve](#) ki vin apre yo, yo dwe konplete **1** (youn) nan opsyon pakou yo ki vin apre yo tou:
 - jwenn [so pou Preparasyon Sivik](#) Eta New York la; oswa
 - reyisi yon Egzamen Regents nan Matematik anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa
 - reyisi yon Egzamen Regents nan Syans anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa
 - reyisi yon Egzamen Regents nan Etid sosyal anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa
 - reyisi yon evalyasyon nan Anglè anplis nan yon klas diferan yo chwazi nan lis altènatif Depatman an apwouve a; oswa
 - reyisi yon [Evalyasyon Pakou Depatman an Apwouve nan Travay Atis](#); oswa
 - reyisi yon [Evalyasyon Pakou Depatman an Apwouve nan Lang nan lemonn nan](#); oswa
 - konplete avèk siksè tout egzijans pou jwenn [Atestasyon Fen Etid CDOS la](#); oswa
 - konplete avèk siksè yon [pwogram CTE apwouve](#), san wete evalyasyon teknik an 3 pati ki asosye avèk li a.

Yo dwe fè evalyasyon anplis la nan yon kou ki diferan ak kou yo te evalye nan youn nan kat (4) egzamen obligatwa ki site pi wo a, oswa nan yon evalyasyon pakou yo apwouve nan Travay Atis, CDOS, oswa lang nan lemonn. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou paj entènèt NYSED's [Plizyè Pakou](#) a.

- iv. Yo kapab aksepte yon **egzanpsyon** evalyasyon nan plas yon Egzamen Regents, evalyasyon pakou oswa egzamen altènatif Depatman an apwouve. Ou kapab ale nan FAQ ki vin apre a pou ou jwenn plis enfòmasyon: [Jen/Out 2020](#), [Janvyè 2021](#), [Jen/Out 2021](#), ak [Janvyè 2022](#), epi [FAQ sou Anilasyon Egzamen Regents nan Istwa ak Gouvènman Etazini \(Kad\)](#). Epitou, si yon lekòl bay yon elèv yon **apèl espesyal**, yo ap konsidere elèv la ranpli kondisyon evalyasyon an. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [Memo pou Apèl Espesyal](#) ak [FAQ](#).
- v. Yo kapab fè apèl pou egzamen Regents yo itilize pou ranpli kondisyon pakou a.
- vi. Pwosesis Apèl la pa aplikab pou egzamen Pakou ki pa Regents yo ak egzamen altènatif Depatman an apwouve yo.
- vii. Elèv ki gen andikap yo bay egzansyon pou lang nan lemonn nan ki obligatwa, ann amoni ak IEP yo a, pa bezwen konplete yon sekans nan lang nan lemonn nan ni yon sekans 5 inite nan Travay Atis oswa CTE pou yo ranpli kondisyon pou jwenn Diplòm Regents avèk tit avanse a.